



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI SANT AKÈY WORLDPRIDE KI NAN VILAJ WEST NAN VIL NEW YORK

Nouvo Sant lan Pral Mete Aksan sou Eta New York kòm yon Kote Akeyan pou Kominote LGBTQ a epi Pwomouvwa Aktivite WorldPride yo

Jodi a se Kòmansman Mwa Fyète LGBTQ nan New York

Foto Sant lan Disponib [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti Sant Akèy WorldPride Eta New York lan (New York State WorldPride Welcome Center), ki sitiye nan 112 Christopher Street ki nan Vilaj West Vil New York lan, a kèk pa de Moniman Nasyonal Stonewall lan (Stonewall National Monument). WorldPride, ki se pi gwo selebrasyon LGBTQ Pride (Fyète LGBTQ), ap vin nan New York mwa sa a pou selebre komemorasyon Stonewall 50 yo, ki make premye fwa ke li te òganize nan peyi Etazini.

"Pride se yon mwa espesyal pou kominote LGBTQ a ak pou tout moun New York yo, epi ak Empire State ki ap òganize aktivite WorldPride ane sa a nan okazyon 50yèm anivèsè Stonewall la nou gen anpil bagay pou nou selebre epi komemore", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Soti depi nan adopsyon egalite maryaj ak GENDA pou rive nan batay nou ap fè ki ap kontinye ak administrasyon Trump lan sou pwoteksyon krisyal yo pou moun ki transeksyèl yo, New York te yon lidè nasyonal nan batay pou dwa LGBTQ yo epi nou pral toujou kanpe bò kote kominote sa a ke nou renmen anpil. Pandan ke plizyè milyon moun ap vizite eta nou nan mwa Jen sa a, Sant Akèy WorldPride lan pral mete aksan sou rasin ak akonplisman yo fè nan mouvman dwa LGBTQ yo nan New York epi pwomouvwa eta a kòm yon destinasyon ki sekirize, ki akeyan epi ki pa gen kote pou layèn."

"Pèsòn pa ta dwe fè fas a diskriminasyon oswa vyolans akòz idantite seksyèl yo, espesyalman nan Eta ki se kote mouvman dwa LGBTQ yo te pran nesans", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou ap selebre ak fyète divèsite nou ki fè nou se Empire State. Pandan ke nou ap selebre Stonewall 50, nouvo Sant Akèy WorldPride lan kanpe kòm yon pilye kominote a ak egalite tou pre Moniman Nasyonal Stonewall la. Nou pral kontinye anbrase istwa nou an pandan ke nou ap dirije nasyon an antan ke yon eta ki ap akeyi tout moun."

Kreye an patenarya ak NYC Pride/Heritage of Pride ak Sant Kominotè LGBT an, Sant Akèy WorldPride Eta New York lan sitiye jis a kèk katye de espas orijinal Stonewall Inn lan. Nan dat 28 Jen 1969, manm kominote LGBTQ an yo te kòmanse fè manifestasyon espontane nan Stonewall Inn ki te dire pandan sis jou epi ke yo te rekonèt jodi a kòm katalis pou mouvman modèn pou dwa LGBTQ yo. Sant Akèy lan ap ekspoze wòl New

York jwe nan batay pou egalite atravè yon galri peryòd tan yo soti nan Mattachine Society ak Daughters of Bilitis nan ane 1950 yo pou rive nan Stonewall uprising nan ane 1960 yo pou rive nan Gouvènè Cuomo ki ap siyen Lwa sou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) Eta a pou vin lwa nan ane 2010 yo.

Koulè fyète akansyèl yo prezante klèman toupatou nan Sant Akèy lan. Vizitè yo ka fè yon foto sou mi pou pwòp foto tèt yo, ki gen ladan logo I LOVE NY LGBT. Anlè tèt yo, plafon sant lan ap ekspozè yon entèpretasyon kreyatif ke yo te dekonstwi pou drapo fyète a, epi koulè akansyèl yo enkòpore tou nan etajè ak ekleraj sant lan yo.

Se yon pati vital nan misyon Sant Akèy lan pou yo ankouraje vwayaj ak touris. Yon mi ki gen videyo ap mete aksan sou destinasyon alantou Eta a ki popilè ak vwayajè LGBTQ yo, epi pwomouvwa aktivite espesyal yo ki pwograme pou entegre ak WorldPride. Kyòsk I LOVE NY entèraktif yo ap pèmèt vizitè yo teste konesans yo sou Eta a oswa kreye yon pwofil vwayaj ki ap rekòmande atraksyon ki baze sou enterè yo.

Alphonso David, ki se Konseye Gouvènè a, te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te fè pwogrè istorik nan batay pou asire dwa egal ego ak pwoteksyon pou moun LGBTQ yo. Eta nou an se yon flanbo pwogrè paske, antan ke moun New York, nou selebre divèsite epi nou ap asire ke lwa nou yo refleto valè nou yo. Sant Akèy WorldPride lan, ki ap rann omaj a aktivis ki te batay pou egalite LGBTQ yo, anglobe gwo lespri pèseverans ak inite sa a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, "Sant Akèy WorldPride lan ap ofri vizitè yo yon vizyon global sou wòl krisyal Eta New York jwe nan pwomouvwa dwa egal ego epi li pral mete aksan sou aktivite ak atraksyon LGBTQ ki popilè yo atravè Eta a pou plizyè milyon moun ki ap patisipe nan selebrasyon WorldPride lan".

Direktè Egzekitif Touris Eta New York la Ross D. Levi te deklare, "Pandan plis pase yon ane, I LOVE NY t'ap pwolonje yon envitasyon global pou vizitè yo ka eksperimente selebrasyon WorldPride yo nan Eta New York. Nou kontan anpil dèske nouvo Sant Akèy lan pral ankouraje vwayajè LGBTQ yo kontinye dekouvri mèvyè ki ap rete tann yo atravè Eta a, alafwa pandan festivite WorldPride ane sa a yo ak pou vakans nan fiti yo".

Direktè Egzekitif NYC Pride/Heritage of Pride lan Chris Frederick te deklare, "Gouvènè Cuomo ak Eta New York te enstrimantal nan ede fè WorldPride vin yon reyisit nan ane istorik sa a kote nou ap planifye akeyi plizyè milyon vizitè pandan tout mwa Jen an. Sant Akèy ki nesèsè sa a pral bay enfòmasyon ki enpòtan pou edike vizitè yo sou Stonewall Uprising, istwa rich nou an, ak destinasyon varye yo ki toupatou nan Vil ak Eta New York. Nou ankouraje tout moun al vizite Sant Akèy WorldPride lan ki nan kè Vilaj West lan epi kòmpanse vwayaj nou nan youn nan sa ki pral plizyè milyon moman Pride ane istorik sa a"!

Direktris Egzekitif Sant Kominotè LGBT a Glenda Testone te deklare, "Pandan ke nou ap prepare pou akeyi plizyè milyon vizitè nan Vil New York pou WorldPride lan, li vital pou espas destinasyon yo tankou Sant Akèy WorldPride lan ak Sant Kominotè LGBTQ a pral ekspozè estwa rich dwa moun LGBTQ Vil nou an yo epi bay enfòmasyon ke moun yo ap chèche pandan ke yo ap selebre Pride. Se yon onè pou nou fè

patenarya nan travay sa a ak Gouvènè Cuomo ak NYC Pride pou etabli enpòtans espas ki sekirize, ki estab pou kominote LGBTQ a".

Komemorasyon WorldPride 2019 lan gen ladan mach, pèfòmans ak festival yo ki ap pwomouvwa mouvman dwa LGBTQ yo epi li pral akeyi anviwon kat milyon vizitè ki soti toupatou nan peyi Etazini ak alantou mond lan nan New York. An antisipasyon, Eta New York ansanm ak I LOVE NY te kontinye pwomouvwa vizit ak vwayaj nan Eta a pou Stonewall 50 ak WorldPride 2019. Pandan ane ki sot pase a, an patenarya ak NYC Pride/Heritage of Pride - òganizatè WorldPride 2019 ak Stonewall 50 yo - I LOVE NY te aktive nan aktivite Fyète yo atravè mond lan pou pwomouvwa vwayaj nan aktivite an ak eta a. Kanpay piblisite ki enprime epi ki dijital ki sible yo ap pwomouvwa aktivite WorldPride espesyal yo ki ap rive atravè Eta a. Gen plis enfòmasyon sou I LOVE NY LGBT, ansanm ak Gid Vwayaj WorldPride 2019 lan, ki disponib [la a](#).

Senatè Brad Hoylman, ki se sèl manm Sena New York lan ki piblikman LGBTQ, te deklare, "Yo te voye premye wòch la nan Stonewall anviwon senkant an de sa, sa ki te deklanche mouvman global la pou dwa moun LGBTQ yo. Depi lè sa a, kominote nou an t'ap batay pou egalite — ansanm ak ane sa a, lè nou te finalman asire dwa egal ego pou moun New York ki transeksyèl yo gras a Kò Lejislatif Eta a ak Gouvènè Cuomo. Mwen kontan anpil dèske Sant Akèy WorldPride New York lan ouvri jodi a pou make kòmansman selebrasyon pwogrè entènasyonal sa a pou dwa moun LGBTQ yo epi remèsye Gouvènè Cuomo ak Empire State Development poutèt efò yo".

Manm Asanble a Deborah Glick te deklare, "Mwen kontan anpil dèske Vil New York ap òganize aktivite WorldPride ane sa a, epi menm pi kontan dèske Sant Akèy WorldPride Eta New York lan pral chita nan kè Vilaj Greenwich, ki se pwobableman episan pou mouvman dwa LGBTQ yo nan peyi Etazini. Pandan ke nou gen anpil bagay pou nou selebre, toujou rete nesese pou defans ki ap kontinye nan non kominote LGBTQ yo ki toupatou nan mond lan. Se yon privilèj pou nou akeyi vizitè ak aktivis yo nan distrik mwen an pandan ke nou ap komemore 50yèm anivèsè Stonewall epi kontinye batay pou egalite LGBTQ".

Oratè Konsèy Vil New York la Corey Johnson te deklare, "50 an de sa, Stonewall Uprising ki nan Vilaj Greenwich te lanse yon mouvman pou dwa LGBTQ yo ki gaye toupatou nan mond lan, kidonk li apwopriye pou ke WorldPride ane sa a fèt nan New York. Mwen fyè dèske sant akèy sa a, ki sitiye a kèk katye de Stonewall Inn lan epi nan distrik Konsèy mwen an, pral ede vizitè nan WorldPride yo sikile nan Vilaj Greenwich ansanm ak tout mèvèy New York yo".

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo te yon lidè nasyonal nan defann dwa LGBTQ yo. An 2011, New York te adopte yon Lwa sou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) ki istorik, epi li te voye yon mesaj bay tout nasyon an pou di ke li lè li tan pou mete fen nan youn nan pi gwo inegalite sosyete a yo. An 2017, Gouvènè Cuomo te nonmen Paul Feinman nan pi gwo tribinal eta a - Tribinal Apèl New York lan (New York Court of Appeals) - kote li te vin premye moun nan tribinal la ki pa kache li omoseksyèl.

Nan kòmansman ane a, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin Lwa Kont Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl lan ak pwojè lwa ki ap entèdi pratik terapi konvèsyon deplorab lan, ki make yon viktwa fondamantal pou kominote LGBTQ a. An plis, Gouvènè Cuomo te

pran angajman pou fè New York vin premye eta nan nasyon an ki mete fen nan epidemi VIH/SIDA a, epi li te ranfòse règleman sou swen sante ak asirans yo pou pwoteje moun New York ki transeksyèl yo.

An 2013, Gouvènè Cuomo te lanse inisyativ touristik I LOVE NY LGBT a pou fè yon envitasyon atravè piblisite, rezo sosyo ak komèsyalizasyon eksperimantal pou segman vwayaj domestik LGBTQ pou 70 milya dola a. Ane pase a, Gouvènè a te ouvri moniman ofisyèl New York ki ap onore kominote LGBTQ a, ansanm ak sila yo ki te pèdi lavi yo nan fiziyad ki te fèt nan bwatdenwi Orlando Pulse la an Jen 2016, ak tout viktim layèn, entolerans ak vyolans yo. Moniman an, ke atis Anthony Goicolea te konsepsyone a, sitiye nan ekstremitè lwès Vilaj Greenwich, ki nan Hudson River Park. An 2018, Gouvènè Cuomo te ouvri Sant Eritaj Dwa Egal Ego Eta New York lan (New York State Equal Rights Heritage Center) ki nan Auburn, ki gen ladan istwa LGBTQ yo nan kad istwa wòl lidèchip ke New York ap jwe nan kontinye ak jistis pou tout Ameriken yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)